# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИН БУЙРЫҒЫ

**Жоқары класс оқыўшыларын вариатив оқыў реже тийкарында арнаўлы кәсиплик таярлық талап етилмейтуғын қәнигеликлер бойынша қысқа мүддетли курсларда оқытыўды шөлкемлестириў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасының “Билимлендириў ҳаққында”ғы Нызамы, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 6-ноябрь күнги “Өзбекстанның жаңа раўажланыў дәўиринде тәлим-тәрбия ҳәм илим-пән тараўларын раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында”ғы ПФ-6108-санлы Пәрманы, “Тәлим-тәрбия системасын және де жетилистириўге байланыслы қосымша ис-илажлар ҳаққында”ғы 2020-жыл 6-ноябрь күнги ПҚ-4884-санлы қарары тийкарында мәмлекетимизде қәниге кадрларды таярлаў системасын басқышпа-басқыш реформалаў, келешектеги мақсет ҳәм ўазыйпаларға ерисиў ҳәм де өсип киятырған жас әўладты илим-пән менен бирге заманагөй кәсип-өнерге үйретиў, олардың жетик қәниге болып жетилисиўин тәмийинлеў мақсетинде

БУЙЫРАМАН:

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 29-январь күнги «Жоқары класс оқыўшыларын вариатив оқыў реже тийкарында арнаўлы кәсиплик таярлық талап етилмейтуғын қәнигеликлер бойынша қысқа мүддетли курсларда оқытыўды шөлкемлестириў ҳаққында»ғы 18-санлы буйрығы орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен заманагөй хабар коммуникация технологиялары тараўында үлкен абыройға ийе ҳәм жетекши компаниялар (Oracle ҳәм Cisco) менен бирге ислесиў бойынша келисимге қол қойылғанлығы мағлыўмат ушын қабыллансын.

3. Нөкис қалалық, Беруний ҳәм Шымбай районлық халық билимлендириў бөлимлери баслықларына:

-халықаралық тренерлик сертификатларына ийе болған информатика ҳәм хабар технологиялары пәни оқытыўшылары тәрепинен Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 15-июль кєинги 144-санлы буйрығы менен тастыйықланған вариатив оқыў режениң ушинши бағдары (веб-фрилансер) бойынша оқыўшыларды оқытыў мақсетинде зәрүрли шараятларларды жаратып бериў ҳәм турақлы қадағалап барыў тапсырылсын.

4. Oracle копманиясы тәрепинен оқыў курслары шөлкемлестириў ушын таңлап алынған пилот мектеплер дизими 1-қосымшаға, Cisco копманиясы тәрепинен оқыў курслары шөлкемлестириў ушын таңлап алынған пилот мектеплер дизими 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

5. Хабар коммуникация технологияларын ен жайдырыў ҳәм раўажландырыў бөлими (Р.Худайбергенов) - оқыў курслары шөлкемлестириў ушын таңлап алынған пилот мектеплеринде интернет тезлигин асырыў илажларын көрсин.

6. Методикалық хызмет бөлими (А.Еримбетов), Республикалық оқыў-методика Орайы (Қ.Жубанов) 2021-2022-оқыў жылынан баслап Oracle, Cisco, Autodesk, Adobe ҳәм басқа жетекши IT компанияларының онлайн платформаларында оқылатуғын курслардың оқыў бағдарламаларын информатика ҳәм хабар технологиялары пәни бойынша қәнигелестирилген класс оқыў бағдарламаларына басқышпа-басқыш енгизип барсын.

7.Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды министрдиң биринши орынбасары А.Худайбергеновқа жүклensин.

**Министр** **Р.Реимов**

**№ 29**
**“ 03 ” февраль 2021-жыл**